



Pou Piblikasyon Imedya: 27/02/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANKOURAJE POU YO PRAN PREKOSYON AVAN TAN
IVÈNAL KE YO PREVWA K AP POTE NÈJ SINIFIKATIF NAN KÈK PATI NAN LÈS
ETA A APATI LENDI NAN ASWÈ**

Yo prevwa jiska yon pye gwo nèj ki pral afekte Rejyon Kapital, Mid-Hudson, Mohawk Valley, New Yor Santral k, North Country ak rejyon Southern Tier apati lendi swa jiska madi; enpak nan tout eta a nan omwen youn a de pous nèj, ki gen ladan jiska sis pous nèj nan Vil New York

To chit nèj nan yon pous oswa plis pou chak èdtan ak rafal van jiska 64 km pou chak èdtan nan aswè, ak lapli jele ke yo prevwa nan rejyon Finger Lakes, Long Island, Vil New York ak rejyon Lwès New York

Gouvènè Hochul ankouraje Nouyòkè yo pou yo kontwole kondisyon metewolojik yo epi pou prepare pou kondisyon vwayaj danjere pou vwayaj lendi swa ak madi yo

Gouvènè Kathy Hochul te egzòte Nouyòkè yo jodi a pou yo pran prekosyon pliske gen yon tanpèt ivènal ki prevwa afekte pifò eta a ak gwo nèj ak gwo van apati lendi swa nan kèk pati nan Rejyon Kapital la, Mid-Hudson, Mohawk Valley, Santral New York, North Country ak rejyon Southern Tier. Nèj konstan ap kòmanse lendi aswè epi kontinye pandan tout nwit lan la ap pote chit nèj soti nan nivo modere rive nan gwo nan tout eta a, ak to chit nèj maksimòm nan yon pous oswa plis pou chak èdtan ak rafal van jiska 64 km pou chak èdtan. Yo prevwa omwen youn a de pous chit nèj nan tout eta a ak pòch lapli jele ak jiska sis pous nèj nan rejyon Finger Lakes, Long Island, Vil New York, ak rejyon Lwès New York yo. Kondisyon sa yo pral kreye vwayaj danjere k ap enpakte vwayaj lendi nan aswè ak espesyalman vwayaj madi maten an nan rejyon ki afekte yo. Gwo nèj epi ki imid ka lakòz pàn kouran lokalize. Gouvènè Hochul te ankouraje Nouyòkè yo pou yo siveye previzyon lokal pa yo epi pou yo prepare pou kondisyon meteyo k ap chanje yo si yo vwayaje lendi swa pou rive madi.

"Yon lòt tanpèt ivènal pral afekte pifò eta a kòmanse aswè a ak nèj oswa yon melanj presipitasyon glas ak gwo van ki pral finalman afekte vwayaj nan pati lès eta a nan madi maten", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ajans eta yo ap prepare resous pou repons pou ijans epi yo pare pou ede gouvènman lokal yo anvan, pandan ak apre tanpèt la. Mwen ankouraje tout moun pou siveye depre move tan semèn sa a epi rete an sekirite."

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta New York la, Jackie Bray, te deklare, "Gwo nèj ak gwo van pral afekte anpil rejyon nan eta nou an apati aswè a ak kèk rejyon k ap fè eksperyans lapli jele ki pral rann li danjere pou vwayaje lendi aswè pou rive madi. Si w dwe vwayaje pandan de jou k ap vini yo, se pou ou okouran konsènan chanjman kondisyon metewolojik yo epi konstwi plis tan nan orè vwayaj ou pou w rete an sekirite."

Avètisman kont Tanpèt Ivènal an vigè kounye a pou konte yo nan Rejyon Kapital la, Mid-Hudson, Mohawk Valley, NY Sa, North Country, ak rejyon Southern Tier jiska madi swa. Yo ka bay lòt Avètisman, Siveyans ak Konsèy pou evènman metewolojik sa a ki nan tout eta a. Pou ou kapab jwenn yon lis konplè sou avètisman meteyowolojik yo nan zòn ou an, vizite [sit entènèt](#) Sèvis Metewolojik Nasyonal zòn ou an.

Preparasyon Ajans

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services)

Divizyon an ap siveye aktivman previzyon metewolojik la epi kowòdone repons Eta a ak evènman move tan an. Anplwaye Biwo Jesyon Ijans yo an kontak ak lokalite yo epi yo prepare pou fasilite demann pou asistans nan men gouvènman lokal yo epi deplwaye resous ki soti nan rezèv Eta a, si sa nesesè.

Depatman Sèvis Piblik

Sèvis piblik New York yo genyen apeprè 6,300 travayè disponib ki angaje nan evalyasyon domaj, efò entèkansyon, reparasyon ak restorasyon atravè Eta a pou evènman move tan ivènal semèn sa a. Sa gen ladan 456 travayè liy ekstèn anplis ki sekirize pa NYSEG, 100 travayè liy ki garanti pa Con Edison, 130 travayè liy ki garanti pa Orange & Rockland, ak 125 travayè liy ki sekirize pa National Grid. Pèsonèl DPS la pral swiv travay sèvis piblik yo pandan tout evènman an epi sire sèvis piblik yo voye anplwaye apwopriye yo nan rejyon ki gen pi gwo enpak yo.

Depatman Transpò (Department of Transportation)

Depatman Transpò Eta a pare pou li entèvni avèk 3,614 sipèvizè ak operatè disponib nan Eta a. Ekip rejyonal yo angaje yo kounye a nan efò entèkansyon kont nèj ak glas ak aktivite preparasyon yo. Tout lokal rezidansyèl yo pral kontinye gen anplwaye sou plas pou yo ka fonksyone 24/24, 7/7 pandan tout dire evènman an ak operasyon netwayaj priyorite yo.

Pou soutni aktivite entèkansyon kont nèj ak glas nan zòn kritik yo, yo ap deplwaye 59 anplwaye ototal, ki gen ladan 40 operatè kamyon chasnèj, 5 sipèvizè, 13 instriktè operatè ekipman, 1 reprezantan sekirite. Yo te distribiye yo konsa:

Rejyon Kapital:

- Ap resevwa 1 enstriktè operatè ekipman ki soti nan biwo prensipal DOT la

Mid-Hudson:

- Ap resevwa 4 enstriktè operatè ekipman ak 1 reprezantan sekirite ki soti nan Mohawk Valley

- Ap resevwa 10 operatè chasnèj, 2 sipèvizè, 2 enstriktè operatè ekipman ki soti nan Finger Lakes
- Ap resevwa 15 operatè chasnèj, 1 sipèvizè, 1 enstriktè operatè ekipman ki soti nan Western NY
- Ap resevwa 5 operatè chasnèj ak 1 sipèvizè ki soti nan Lwès Southern Tier
- Ap resevwa 2 enstriktè operatè ekipman ki soti nan Lès Southern Tier
- Ap resevwa 10 operatè chasnèj, 1 sipèvizè ak 3 enstriktè operatè ekipman ki soti nan Long Island

Yo pral re-evalye bezwen pou plis resous jan kondisyon yo mande pandan tout dire evènman an.

Yo deplwaye tout ekipman ki disponib pou nèj ak vèglas. Flòt Mekanik nan zòn ki afekte yo ap gen anplwaye nan tout lye rezidans prensipal yo 24/7 pou fè reparasyon epi mentni kamyon yo sou wout la. Kantite ekipman ki genyen nan tout Eta a repati konsa:

- 1609 gwo kamyon chasnèj
- 156 chasnèj mwayen
- 52 remòk chasnèj
- 337 gwo chajè
- 36 aparèy pou soufle nèj

Yo pral ofri sèvis kamyon remokaj nan kote sa yo: I-81 (Konte Onondaga) ak Lower Hudson Valley. Yo pral re-evalye bezwen anplis sèvis remokaj pandan tout dire evènman an.

Pou ou jwenn enfòmasyon sou kondisyon vwayaj an tan reyèl, otomobilis yo dwe rele 511 oswa vizite <https://www.511ny.org/> oswa sit mobil la nan m.511ny.org, sous enfòmasyon sou kondisyon vwayaj ak sikilasyon ofisyèl Eta New York la.

Otorite Thruway

Anplwaye Otorite Thruway yo ap siveye previzyon metewo yo epi yo pare pou entèvni avèk 677 sipèvizè ak operatè ki disponib. Kantite ekipman ak resous ki genyen nan tout eta a repati konsa:

- 363 kamyon chasnèj pwa lou ak pwa mwayen
- 11 remòk chasnèj
- 68 gwo chajè
- Plis pase 122,000 tòn sèl disponib

Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan ivè pandan yo sou Thruway la.

Otorite Thruway yo ankouraje otomobilis yo telechaje [aplikasyon mobil](#) li an, ki disponib gratis sou aparèy iPhone ak Android yo. Aplikasyon an bay otomobilis yo aksè dirèk ak

enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, kamera sikilasyon yo nan tan reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou yo resevwa [imèl TRANSalert](#) k ap bay dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou Thruway a.

Lapolis Eta

Lapolis Eta a pral siveye kondisyon yo epi li pral bay patwouy siplemantè nan zòn ki afekte anpil nan tanpèt la. Tout veyikil touteren yo ak veyikil espesyalize yo, ki gen ladan Veyikil Touteren Sèvis Piblik ak motonèj yo, ap an sèvis.

Konsèy sekirite

Vwayaj

- Men kèk nan konsèy ki pi enpòtan pou woule ansekirite:
- Pa kondui, sof si sa nesèsè.
- Pran prekosyon sou pon yo paske li ka fè glas la pi vit pase sou wout yo.
- Si ou dwe vwayaje, asire ou ke otomobil ou gen materyèl pou siviv tankou lenn, yon pèl, flash ak pil anplis, rad cho anplis, yon pè chèn pou kawotchou, kab boustè pou batri, manje ki bay enèji rapid ak rad ki gen koulè klere pou sèvi kòm drapo detrès.
- Si ou gen telefòn selilè oswa lòt aparèy kominikasyon tankou yon wòki tòki disponib pou ou sèvi, kenbe batri a chaje epi kenbe l avè ou tout lè ou ap vwayaje. Si ou ta vin bloke, ou ap kapab rele pou mande èd, enfòmè sekouris yo sou kote ou ye.
- Prensipal kòz lanmò ak blesi pandan tanpèt ivè se aksidan transpò. Anvan ou chita dèyè volan, pa bliye retire glas ak nèj ki sou machin ou an; bon vizyon se sekre kondui byen. Planifye arè ou yo epi kite plis distans ant machin yo. Pote plis atansyon epi sonje pil nèj yo ka maske timoun ki pi piti yo. Toujou koresponn vitès ou selon kondisyon wout la epi selon meteyowolojik.
- Li enpòtan pou chofè ki sou tout wout yo konnen vitès chasnèj yo se 56 kilomèt alè, sa ki nan anpil ka pi ba pase limit vitès ki make a, pou yo ka garanti sèl yo simen an rete nan vwa sikilasyon yo epi pa dispèse andeyò wout yo. Anpil fwa sou otowout ant eta yo, chasnèj yo opere kòtakòt, kòm se fason ki pi efikas epi ki ofri plis garanti pou netwaye plizyè vwa yon sèl kou.
- Chofè machin ak pyeton dwe sonje chofè chasnèj yo ka wè devan yo sou yon distans limite, epi gwosè ak pwa chasnèj yo ka fè l difisil pou manevre epi frennen touswit. Nèj chasnèj la ap soufle dèyè li ka diminye vizibilite anpil oubyen kreye yon vwal blan. Chofè machin yo pa ta dwe eseye double chasnèj yo, ni swiv yo twò pre. Kote ki gen plis sekirite pou chofè machin yo woule se lwen dèyè chasnèj yo, kote wout la klè epi gen sèl sou li. Pa janm eseye pase sou yon chasnèj pandan l ap fonksyone.

Blakawout yo

- Tcheke konpayi sèvis piblik ou a pou ou ka konnen orè reparasyon nan zòn nan.

- Etenn oswa deploge limyè ak aparèy menaje pou ou ka evite yon sichaj kouran lè yo repare sèvis la: kite yon limyè limen pou endike lè yo te retabli kouran.
- Si chalè a ale pandan yon tanpèt ivènal, kenbe kay la cho lè w fèmen chanm ou pa bezwen yo.
- Pou rapòte yon blakawout, rele:
 - Central Hudson: 800-527-2714
 - Con Edison: 800-752-6633
 - National Grid: 800-867-5222
 - NYSEG: 800-572-1131
 - O&R: 877-434-4100
 - PSEG-LI: 800-490-0075
 - RG&E: 800-743-1701

Sekirite pou Chofaj

- Sèvi ak sous chalè altènatif ki an sekirite sèlman tankou yon chemine, ti recho a bwa oswa a chabon ki byen ayere oswa aparèy chofaj pòtab.
- Toujou Swiv enstwiksyon fabrikan yo.
- Lè w ap itilize sous chalè altènatif tankou yon chemine, recho a bwa, elatriye, toujou asire w ke ou gen bon vantilasyon.
- Kenbe rido, sèvyèt ak manchon pwoteksyon yo lwen sifas cho.
- Gen yon ekstenktè ak detektè lafimen epi asire w yo fonksyone.
- Si w itilize aparèy chofaj ki mache ak kewozèn pou konplete gaz chofaj regilye w la, oswa kòm yon sous chalè ijans, swiv konsèy sekirite sa yo:
 - Swiv enstwiksyon fabrikan yo.
 - Sèvi ak gaz ki kòrèk la sèlman pou inite w la.
 - Remete konbistib deyò sèlman epi lè inite a frèt sèlman.
 - Kenbe aparèy chofaj nan yon distans omwen twa pye ak mèb yo lòt eleman konbistib yo.
 - Lè w ap itilize aparèy chofaj la, sèvi ak pwoteksyon kont dife epi vantile byen.

Pou plis konsèy sekirite sou ivè a, vizite dhSES.ny.gov/safety.

Pou tout bezwen sèvis ki pa ijans anvan, pandan oswa apre yon tanpèt nan Eta New York, rele 211 oswa vizite 211nys.org.

Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo ofri direksyon, kowòdonasyon ak soutyen pou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, rekipere apre, epi diminye katastwòf ak lòt ijans. Pou w jwenn plis enfòmasyon, vizite DHSES sou [Facebook](#), sou [Twitter](#) oswa vizite dhSES.ny.gov.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)